ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№153 (23.061) • 2015 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Правительствэм

Ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапІэ ІэнатІэ езытым къэралыр дэІэпыкъунущ

Шыщхьэуіум и 6-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІа зэІущІэм Іуэху 20-м щІигъу къыщыгъэдащтащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий** зэІущІэр къыщыгъэІуихым КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіу ягъэува **Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ** министр ІэнатІэм пэрыува **Къуэшырокъуэ Залымрэ** я къулыкъущІэхэмкІэ ехъуэхъуащ. Мусуковым къыхигъэщащ Къуэшырокъуэм и къалэн нэхъыщхьэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщІэтыным, зи щІалэгъуэхэр абы пІэщІэ щІыным, щІалэгъуалэм я псэм зегъэужьыным, абыхэм мамыру псэунэр зэрыфІыгъэшхуэр къагурыІуэу гъэсэным зэрыхуэунэтІар.

Мусуковым жиІащ мы Іэхуэхэр зэрыгугъур, ауэ мамырыгъэмрэ щІалэгъуалэр гъэсэнымрэ зи къалэнхэр министрыщІэм зэрыдэІэпыкъунур.

КъБР-м щІы Іэхуэхэмрэ мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** и гугъу ищІащ акционер обществэ зэІухахэм (Налшык дэт Станкозаводымрэ вольт лъагэ Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ заводымрэ) къыщащтэ унафэхэм хэпсэлъыхьыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІэ хуитыныгъэ щхьэхуэр («золотая акция») зэрыщымыІэжьыр зыгъэбеледжылы унафэм и проектым. Станкозаводым тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іут Лермонтовэ къуажэ цІыкІум зыгъэпсэхупІэ щиІэщ, ар къэрал учётым ягъэувыным, уасэ хуащІыным екъэпІа лэжьыгъэхэр зэрфІагъэкІ. Министрым къызэригъэпэгъуамкІэ, ахэр бэджэнду ятурэ, къыпэкІуэр республикэ бюджетым халъхьэну я мурадщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

КъБР-м щыщу цІыхуи 100 хуэдиз хьэжыщІ кІуэнущ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэрым икІыу 2015 гъэм хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къыззгъэпэщакІуэ комитетым и япэ зэІущІэр иригъэкІащ.

КъБР-м и Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэІэпыкъунымрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ КІуранышын Анзор зэрыжиІамкІэ, хьэжыщІ кІуэнухэр къыхэтхыкІын яуэжкъым. Ауэ КъБР-м и Муслымэнхэм я дин Іуэхущіапіэмрэ «Мамырыгъэ» республикэ псапащІэ фондымрэ къызэралъытэмкІэ, мы гъэм Саудей Хьэрпым цІыхуи 100 хуэдиз кІуэну къабжащ. Ежьэнухэм заявкэхэр къыщыІах пІалъэр щичхыр шыщхьэуІум и 15-м нэс ягъэкІуэтащ.

Хьэжыщі кІуэнухэр фокІадэм икуэм иритхьэлІэу гъэзэгу теувэнущ. Ахэр Минвод къхъулъатэм щитІысхьэнурэ Мэдинэ къалэм щетІысэхынущ.

ЗэІущІэм кьиритіуахэм япкъ иткІэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хуагъэуващ хьэжыщІ кІуэнухэм документхэр къызэрагъэпэщынымкІэ, уэ зэрыщІалэхэр кьемыуэлІэн папщІэ вакцинхэр зыхрагъэпхьэхьэныкІэ ядэІэпыкъуну, транспорткІэ къызэрагъэпэщыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Лъэпкъ Іуэху

ДАХ-м и лІыкІуэхэм я зекІуэм Тыркум щыщІедзэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэр дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ гъэзгу техьащ Тырку Республикэм, Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэм, Израилым щыпсэу адыгэхэм яІущІэну. ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, АР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ **Мэшбащіэ Искьэкъ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд** сымэ Тыркум лъэтащ. Нобэ ахэр Анкара щахуэзэнущ КАФФЕД-м хьыкъэ Хасэ кІудамэ 58-м я тхьэмадзэм, апхуэдэуи Бурсэ дыхьэнурэ, КАФФЕД-м и Гъэзэщакіуэ гупым хэт Къыльыш Метин хэгуэзэвэнущ, абы и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ Сириемрэ Тыркумрэ я гъунапкъэм деж къыщыхьуа терактым зэрыхэкІуэдам папщІэ.

Гъэзгу текъа гупыр щыщхьэуІум и 10-м Иорданием кІэнущ. Адыгэ ФІыцІэ Хасэм хэхэс адыгэхэм щахуэзэнущ, я гурыгъуэгурыщІэхэм едэІуэнущ. Гупым я мурадщ Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и сенатым и унафэщІ, Амман и Іэтащхьэм, апхуэдэуи Сенатым и комиссэм, Адыгэ ФІыцІэ Хасэм и тхьэмадэ, сенатор Къардэн Самир сымэ яІущІэну.

Иэрамлым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я псэукІэр зрагъэщІэн папщІэ, ахэр кІуэнущ Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 8, щэбэт

♦**Альпинизмэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Физкультурникым и махуэщ**

♦1899 гъэм США-м дунейм щыпэу щІыІалъэ щащІащ.

♦1900 гъэм теннисым и саугъэт нэхъ лъапІэ дыдэр - Дэвис и Кубокыр - ягъэуІэващ.

♦1924 гъэм Москва къалэ кІуэщІым пэ автобус линэр щаутІыпщащ.

♦1942 гъэм Зыхъуэмжыныгъэмкіэ Налшык комитетым унафэ ищІащ къалэм и къыдыхьэпІэхэм быдапІэхэр щахуэну.

♦2008 гъэм Китаим и къалащхьэ Пекин XXIX гъэмахуэ Олимп джэгуэр къызэІуахащ. Ахэр шыщхьэуІум и 8 - 24-хэм кІуэкІащ.

♦Урысей Федерацэм и мызакъуэу, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа нэ дохутыр Іэзэ **Фёдоров Святослав** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ **Нало Ахьмэдхан** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Гъузер** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, «Горянка» газетым и япэ редактор **Сэбаншы Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Литературовед, Дагъыстэным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ержыб Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, политик **Собчак Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Сирием къикІыжа тхакІуэ **Къумыкъу Мамдухь** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мызэущ Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ, тхакіуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи Іэдакъэщіэкі **Ахьмэт МуІэед** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщещхьхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 9, тхьэмахуэ

♦**Ухуакіуэм и махуэщ**

♦**Щалъхуа щыналъэм щыпсэужхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Тыркумэн хъуэуаным и махуэщ**

♦1942 гъэм блокадэм ит Ленинград къалэм щаІуэзэщІат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфоние» цІэрыІуэр.

♦1945 гъэм Японием и Нагасаки къалэм США-м и къхъулъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ.

♦Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 187-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Быныгьыкъ Марие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Америкэм щыщ уэрэджыІакІуэ, актрисэ **Хьюстон Уитни** къызэралъхурэ илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 10, блыщхьэ

♦1793 гъэм дунейм и музей нэхъ ин дыдэхэм ящІащ, Париж дэт Лувыр щІыхуэр щІыхьэну, абы зыщалпІыхьыну хуиту къызэІуахащ.

♦1976 гъэм Онтарие штатым (Канадэ) дунейм щыпэу телефон аппарат къыщагупсысащ.

♦Урыс, совет тхакіуэ **Зощенкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ **Нало Ахьмэдхан** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Гъузер** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, «Горянка» газетым и япэ редактор **Сэбаншы Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Литературовед, Дагъыстэным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ержыб Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, политик **Собчак Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Сирием къикІыжа тхакІуэ **Къумыкъу Мамдухь** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мызэущ Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи Іэдакъэщіэкі **Ахьмэт МуІэед** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи щхьэ хуэпщІыжыр уи нэмысщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр 2015 гъэм къызэгъэпэщыкІи икІи егъэкІуэкІын мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр 2015 гъэм гъэхъэзырынымрэ къызэгъэпэщынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет къыхэхын икІи абы хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуауэ ирагъэкІуэкІыну гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм я план зэхилъхьэну.

3. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм щыщхьэуІум и 1-м къыдигъэкІа Унафэ №94-РГ-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щыщхьэуІум и 18-м къыдигъэкІа Унафэ №97-РГ-м.

4. Мы Унафэм къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм щыщхьэуІум и 3-м
№88-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щыщхьэуІум и 3-м къыдигъэкІа Унафэ №88-РГ-мкІэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр гъэхъэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*.

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламенты и Унафэщіыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ)*

Мусуков А. Тl. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ)*

Алэкъэй А. М. - Налшык къалэ округым и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэу)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр

Гуэбэшы З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІыр

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыІуэу)*

Кладько И. Е. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэу)*

Куэщей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэу)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

КІурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Лыхъ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуэу)*

Тутыкъу А. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхуэхэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Уянаев К. Хь.-М. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэу)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэж ящІын папщІэ Мэчэ, Мэдинэ исЛъам щІыналъэ лъапІэм кІуэнухэм ядэІэпыкъун мурадкІэ:

1. 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхун икІи абы хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын хьэжыщІ кІуэхэм ядэІэпыкъуну.

3. Мы Унафэм къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм щыщхьэуІум и 4-м
№92-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щыщхьэуІум и 4-м къыдигъэкІа Унафэ №92-РГ-мкІэ къищтащ

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и Іэхэр

ХЭТХЭР

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*

Битокъуэ В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ)*

Ахматов Н. Хь. - «Мамырыгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ псапащІэ фондым и тхьэмадэр *(зэгурыІуэу)*

Бэджыдэ Ю. М. - Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министрствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм гъэзгуэм шыналъэгъуэнащъэ щыщІэзэгъэпэщынымкІэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Бесчокъуэ А. Ш. - Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Герговов Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслымэнхэм я дин Іуэхущіапіэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуэу)*

Дроздов И. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщгъур

Къуэжей А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

КІурашын А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Лъеиншэ А. М. - Іэпхъуэшапхъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьынымкІэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Гучачёв А. Н. - «Урысей Федерацэм Шынагъэшагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и гъунапкъэхъумэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Пхъагъэ Ж. А. - Щхьэхуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цІыхум зэІузэпэщ псэукІэ иІэнымрэ я Іэнатіэм щыкІэлыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщ Іэхэр
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Махуэгъэпс ■ Матъхъэдис

● Гъуазджэ

Бзылъхугъэ ІэпщІэлъапщІэ

Ислъэмей къуажэм и курыт еджапІэ №3-м технологиемкІэ и егъэджакІуэ Урыс Томэ 2006 гъэм щыщІэдзауэ нартыху бзийхэм тепльэ зэмылІэужьыгъуэ зиІэ матэхэр, пхъуантэ цІыкІуэхэр, хъуржынхэр къыхещыкІ.

БЗЫЛЪХУГЪЭ Іэпщ Іэлъапщ Іэм зэрыжиІэмкІэ, а Іэхуэгъуэм абы зриташ зи ныбжь хэкІуэта цІыхубэ гуэрым матэ тыгъэ къыхуищІа нэужь. Зэ елпІыгъуэкІэ нартыху тхъахуэм матэ къыхэпщІыкІыныр къызэрыгуэкІыу къыпщохъу: тхъэмпэхэр зэпаупщІ, псыф ящІ, итІанэ гъуанэ цІыкІуэхэр хуащІ.

«А лэжьыгъэр кьохъулІэн папщІэ шыІэныгъэ пхэлъын хуейщ. Сэ сесащ, зы махуэм кьриуфыбдэу зы матэ мыин схуэщІынущ», - жеІэ Урыс Томэ.

Бзылъхугъэ Іэпщ Іэлъапщ Іэм и гупжьейм иджыпсту ныбжьыщІэ 20 йокІуалІэ.

Урыс Томэ 2006 гъэм «Егъэджэныгъэ» проектым пашэ щыхъащ. Абы и гъэсэныр щытекІуащ декоративно-прикладной гъуазджэмкІэ къызэрагъэпэща урысейпсо зэпеуэм.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахьсэн щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

Ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапІэ Іэнатіэ езытым къэралыр дэІэпыкъунущ

(КІэухыр. ПащІэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м гъэзу хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуныжь Вячеслав** 2020 гъэ хъуху «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспорт системэм зыщегъэужьын» къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным тепсэлъыхьащ.

КъБР-м ухэуныгъэмэ псэупІэ - коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и ІэуфэщІ **Швачий Татьянэ** щигъэгъуэзащ «Урысейм щыпсэу унагъуэм - псэупІэ» программэр зэрагъэзащІэм. Абы къыхэригъэлъэгъуамкІэ, унэ къыдыхъуащэхунэхэм хагъэхьащ ныкъуэдыкъуэхэмрэ апхуэдэ сабий зиІэ унагъуэхэмрэ. Ауэ «эконом-класс» жьыхуаІэм хуэдэ псэупІэ къыдыхъуащэхунур унагъуэм иІэ мылъкур дэтхэнэми сом зы мелуанрэ ныкъуэрэ лъымысмэщ. Мы зэманкІэ апхуэдэ унэ хуейуэ чэзум хэтыр мин 12 мэхъу.

Зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэу лэжьапІэншэ цІыхум Іэнатіэ къезытым къэралыр зэрыдэІэпыкъунм теухуа унафэм зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьащ. Ныкъуэдыкъуагъ зиІэ цІыхур ягъэлэжьэн папщІэ хуащІэ Іэхъутхьабзэхэмрэ къыхуащэху Іэмэпсымэхэмрэ трагъэкІуадэ ахъшэм щыщу нэхъыбэ дыдэу иратыжынур сом мин 72,69-рэщ. Псори зэхэту, зы Іуэщ1апІэм сом 1 мелуанрэ мин 700-рэ нэхъ-рэ нэхъыбэ иратынукъым. Мы гъэм а Іуэхум сом мелуанипщІ хухахащ, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цІыхуи 108-рэ Іэнатіэкіэ къыхэрагъэпэщыну я мурадщ абыкІэ. Ахъшэр федеральнэ мылъкурщ къыхэкІыр.

ЗэІуэщІэм щагъэбелджылагъ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм ди республикэм къыщыхъуа гуэзвэгъуэшхуэр ильэсипщІ зэрырикъум иращІэкІыну дауэдапщэхэр зыгъэхьэзырыну комитетым хэтынухэр.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Кирин Александр** и гугъу ищІащ Яныкъуей къуажэм къыщыхэІуэха ялэ сабий гъэсапІэм къэралыр зэрыдэІэпыкъуну щІыкІэм. Мы гъэм а гъэсапІэм трагъэкІуэдэну сом мелуанитРэ мин 457-р республикэ бюджетым щыщу иратыну Правительствэм и унафэм и проект щыІэщ.

2016 гъэм ди республикэм щрагъэкІуэкІыну Урысейпсо мэкъумэш Іэнатіэр къыхэтхыкІыныр мэкъуэшІ Іэнатіэр къыхэтхыкІыныр зэрыдэІэпыкъуну икІи езыгъэкІуэкІыну комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьащ. Абы хагъэхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Уянаевэ Аминатрэ Прохладнэ щІыналъэм и администрацэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ячный Игоррэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Политикэ партхэм

ИрагъэфІэкІуэн хуейуэ къалъытэ

КъБР-м и Парламентым Регламентымкіэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІуныкмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Щэнибэ Хьэжысмел kabordin-bolkar.er.ru-м ирита жэуапым къызэрыхигъэщамкІэ, ямыгъэІэпхъэ мылъкум и кадастр уасэр къыщыхъуа ІуэрыІуатэ щІыкІэр (методикэр) егъэфІэкІуэн зэрыхуейрэ куэд щІащ.

– «УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарь Неверов Сергей УФ-м и Президент Путин Владимир мэлыжьыхькІуам щыхуэзам ямыгъэІэпхъэ мылъкум и кадастр уасэр къыщыхъуа ІуэрыІуатэ иджырей методикэ гъэхъэзырын хуейуэ къыхихьха Іуэхум къэралым и щІыхуэм дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ. «Урысей зэкъуэтым» апхуэдэ жэрдэмхэр къыщэрыбгъэдэкІым гугъэфІхэр дегъащІ, - жиІащ Щэныбэм.

Кадастр уасэр къыщэрыльытэщІыкІэр зыуэ щытыпхъэу Неверов Сергей къыщэригъэувыр тэмэмщ икІи абы елэжьын хуейр Іуэхум хэзыщІыкІ Іэнатіэхэрщ.

- Къэралым и дэнэ щІыпІэм хуэдэу, ди республикэм дежкІи а Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ. Къапщтэмэ, щІым техьэ налогыр щагъэувкІэ, кадастр уасэхэм зэрытращІыхьым икІи абы псалъэмакъ куэд къыщэрищэм щэху хэлъхьым. Сыту жыпІэмэ, фермер хозяйствэ мыинхэмрэ Іэхъущ1апІэхэмрэ а налогым финанс гугъуехькІым гугъэфІхэр дегъащІ, - жиІащ Щэныбэм.

Кадастр уасэр къыщэральытэ щІыкІэр зыуэ щытыпхъэу Неверов Сергей къыщэригъэувыр тэмэмщ икІи абы елэжьын куэйр Іуэхум хэзыщІыкІ Іэнатіэхэрщ.

- Къэралым и дэнэ щІыпІэм хуэдэу, ди республикэм дежкІи а Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ. Къапщтэмэ, щІым техьэ налогыр щагъэувкІэ, кадастр уасэхэм зэрытращІыхьым икІи абы псалъэмакъ куэд къыщэрищэм щэху хэлъхьым. Сыту жыпІэмэ, фермер хозяйствэ мыинхэмрэ Іэхъущ1апІэхэмрэ а налогым финанс гугъуехькІым гугъэфІхэр дегъащІ, - жиІащ Щэныбэм.

Кадастр уасэхэр зэрымыбелджылыр зэдауэхэм ягъэнаІуэ. КъыщэрыслъытэмкІэ, а зэныкъэкъуэхэр нэхъыбэу къыщыхэкІыр хуэзэр зэмащІэкІи ди зэран екІынукъым, экологием и пщащэхэм дытетынущ.

Мы гъэм зэфІэдзэкІын хуейкэри мащІэкъым. Псалъэм папщІэ, Къыщпэк къуажэм сабии 140-рэ зэкІуэлІэну гъэсапІэ, Май къалэм цІыку 80 щыІэгъыну апхуэдэ Іуэхущ1апІэ, Жэмтхьэлэ Ипщэм ныбжьыщІэ 320-рэ щеджэну школ, Нарткъалэ спорт комплекс щыдухуэнщ, Сабийжэрэ щІалэгъуалэмрэ творчествэмкІэ я республикэ унэр зэдзэпэщыжынущ, «Зэрэгъыж» автотурист кластерым зэран хуэмыхьун хуэзэщ, Жэмтхьэлэ псым и нэпкъыр дгъэбыдэнущ. Аэр псори иІэсым и кІэм ттын хуейщ.

- «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщІондэ къуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зэрызаужьынур» программэм ипкъ иткІэ, сыт хуэдэ псэуалъэхэр мы илъэсым ьхэзыр фщІыну фи мурад?

- Абы и льэныкъуэкІэ зэфІэдгъэкІынухэм нэхъ пасэу дегупсысащ. Къапщтэмэ, программэм зэрыщыубзыхуам тету, фельдшер-акушер пункту 5, физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексу 6 къызэІутхыну, газ гуэшІапІэу 7, псы обьекту 5 дутІыпщыну тедухуащ. Ухэуныгъэ лэжьыгъэхэр зэпэщу йокІуэкІ, хуэхтха ахъшэр зэгъэзэхуэуэ къагъасэбэп.

- УнэгъащІэхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэным и Іуэхур дауэ щыт, абы республикэм сыт хуэдэ гупльытэ щигъэтырэ?

- Ари зыщыдгъэгъупщэркъым. «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м и цІыхухэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщын» къэрал программэр догъэзащІэ. Абы ипкъ иткІэ, я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ, ильэс 35-м нэс зи ныбжь унэгъащІэхэм мылъку яхухьащ. Ар псэупІэм хуэзэм и процент 35-рэ мэхъу. Субсидиехэр къызэрыІахыну тхьылъэр нэгъабэ унагъуэ 206-м иратащ. Дызэрыт щыщхьэгъу мазэм и кІэ пщІондэ псоми ахъшэр хухалъхьэнущ. Мы гъэм унагъуэ 208-м сом мелуани 146-м хуэзэ субсидиехэр хухахыну траухащ.

- Я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн щхьэкІэ, сабий зиІэ унагъуэхэм сыт хуэдэ дэІэпыкъунигъэ ягъуэтрэ?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къищтащ «КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ анэ (унагъуэ) мылъкум и къэрал сертификат зрата цІыхухэм хухах ипотекэ кредитым щхьэщатыкІыпхъэхэм щыщ Іыхьэ зэрыхуатыжыну щІыкІэм и Іэхуэкіэ» унафэр. Ар къыхэрагъэпэщ щІыхуэ къэзыщтэмрэ банкым и ліыкІуэмрэ кредит зэгурыІуэныгъэ щызэращІыпІэ зэманым хуэзэу Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм игъэувам и процент 50-р пащІдзэ взносу абы зэрыхалъхьэм тещІыхьауэ. Кредитыр сом мелуанрэ мин щитхум щІигъу хъунукъым. Нэгъабэ цІыхуи 137-м е инэ ита илъэсым еЛъытауэ хуэди 4-кІэ нэхъыбэм компенсацэхэр иратыжащ.

Республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 8,4-рэ мы гъэм а Іуэхум хухахащ.

- Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъуа мы илъэсым Хэку зауэм и ветеранхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ сытхэр зэфІэвгъэкІа?

- ПсэупІэ къращэхун папщІэ, ветеран 29-м субсидиеу сом мелуан 29,2-рэ хухахати, щыІэ хабзэм тету, ахэр къагъэсэбэпащ. А лэжьыгъэр зэпыдгъэуркъым. Ветеранрэ хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэу иджыри 19-м я псэупІэхэр едгъэфІэкІуэнущ.

- Сабий зеинщэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныр 2013 гъэм фи министерствэм пщэрылъ щащІауэ щытащ. Абы дауэ фехъулІэрэ?

- Федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщу сом мелуани 119,9-рэ нэгъабэ а Іуэхум хухахащ. Абыкіэ псэупІэ пэшу 113-рэ хахуэтщэхуащ. Ар къэрал программэм къыщыдгъэлъэгъуам процент 15-кІэ щІегъу. Мы гъэм сабий зеинщэу 65-рэ псэупІэкІэ къыздгъэпэщынущ. Абы папщІэ, федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 41,6-рэ, республикэм еІуэ сом мелуан 17,8-рэ къыдатащ. Апхуэдэу КъБР-м и республикэ бюджетым сом мелуан 93,5-рэ щхьэхуэу щагъэбелджылащ.

- Сабий зеинщэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныр 2013 гъэм фи министерствэм пщэрылъ щащІауэ щытащ. Абы дауэ фехъулІэрэ?

- Федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщу сом мелуани 119,9-рэ нэгъабэ а Іуэхум хухахащ. Абыкіэ псэупІэ пэшу 113-рэ хахуэтщэхуащ. Ар къэрал программэм къыщыдгъэлъэгъуам процент 15-кІэ щІегъу. Мы гъэм сабий зеинщэу 65-рэ псэупІэкІэ къыздгъэпэщынущ. Абы папщІэ, федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 41,6-рэ, республикэм еІуэ сом мелуан 17,8-рэ къыдатащ. Апхуэдэу КъБР-м и республикэ бюджетым сом мелуан 93,5-рэ щхьэхуэу щагъэбелджылащ.

- Фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжыным пыщІа лэжьыгъэр дауэ екІуэкІрэ?

- ПІалъэ кІэщІым тещІыхьа планым хихьэу, апхуэдэ унэу 38-рэ нэгъабэ зыхуэй хуэдгъэзащ. Метр зэбгъуэнатІэ мин 31,5-рэ зыубыд а псэупІэхэм зэгъэпэщыжыным сом мелуан 58,8-рэ хэтлъхьащ.

Къэралым и дэнэ щІыпІи хуэдэу, ди республикэми а Іуэхур гугъусыгъуу щокІуэкІ. Фэтэр куэд хъу унэхэм я процент 75-м щІигъур къыхыхуэтынщэу зэгъэпэщыжын, егъэфІэкІуэн хуейщ. УФ-м и Граждан, ПсэупІэ кодексхэм япкъ иткІэ, капитальнэ ремонтри хыхьэу, псэупІэхэр зэрызэрахьэм хуэзэр ахэр зейхэм ятыпхъэщ. 2012 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм ПсэупІэмкІэ и кодексым хагъэхьащ унэр зейхэм зэхуэдэу къагъэсэбэп псэуалъэхэр зэрызэрагъэпэщыж, абы мылъку зэрыхухах щІыкІэм пыщІа Іуэхухэр зэкІэлъыхьхь Іыхьэщ1э. Араущи, къызыхуэтынщэу ирагъэкІуэкІыну ремонтым унэр зей дэтхэнэми дяпэкІэ и мылъку хилъхьэн хуейщ.

- Ди упщІэхэм жэуап къыхэзгъэпам папщІэ, фІыщІэ пхуощІ. Иджы, ди псалъэмакъым и кІэуэкІыу, фи лэжьакІуэхэм сыт яжепІэнт, Анзор?

- Къэралми, дэтхэнэ зыми и зэІуэзэпэщыныгъэр ди Іэнатіэм и зэфІэкІым куэдкІэ елъытащ. Республикэм и теплъэр ефІэкІуэным, цІыхухэр псэупІэ тэмэмкІэ, социальнэ Іуэхущ1апІэ екІуэкмкІэ къызэгъэпэщыным ди ухуакІуэхэм я гуащІэшхуэ хэлъщи, я Іэщ1агъэм и хьер ялъагъуну, я мурадхэм лъэІэсыну сохуэхуэ. Я щхьэкІи, я унагъуэкІи зэхуэзэшынущ я махуэ куэд ягъэлъапІэну, зэІуэзэпэщ псэукІэ яІэну си гуапэщ.

Епсэлъар

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

● Шыщхьэуіум и 9-р Ухуакіуэм и махуэщ

ПщІэшхуэ зиІэ Іэщ1агъэ

Илъэс къэс шыщхьэуІум и етІуанэ тхьэмахуэ махуэм Ухуакіуэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапІэ. Ар СССР-м и Правительствэм и Унафэкіэ 1955 гъэм фокІадэм и 6-м ягъэувауэ щытащ. Ягъэ щагъэлъэпІар къыкІэлъыкІуэ илъэсым щыщхьэуІум и 12-рщ.

Ухуакіуэ Іэщ1агъэр нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абы хуэІэзэхэм я пщІэр дапщэщи лъагэщ, я щІыхьэр инщ. Нэхъыжьыуэхэм фІыуэ ящІэж Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэр егъэфІэкІуэным, цІыхухэр псэупІэкІэ, социальнэ Іуэхущ1апІэ екІуэкмкІэ къызэгъэпэщыным ди ухуакІуэхэм къаруушхуэ ирахьэлІэу зэрыщытар. Иужьрей илъэсхэм щытыкІэм зихъуэжами, зэманым къиГъуэвхэм лэжьыгъэфІкІэ пэджэжу, я Іэнатіэ мытынышым ахэр хьэлэлу зэрыщІ, республикэм и зыужьныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащІ.

Я махуэм ирихьэлІэу республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор дэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.



- Ди псалъэмакъым и пэублэу нэгъабэ евгъэкІуэкІа ухуэныгъэхэм я гугъу уэдгъэщІынут, Анзор?

- Илъэс кІуам лэжьыгъэ хъарзынэ къетхьэлІауэ жыпІэ ухунущ. Къапщтэмэ, мурад хэхам тещІыхьа республикэ инвестицІэ программэм тету, хуэфащэ мылъку хэтлъхьэри, узыншагъэр хьумэным и обьекту 39-рэ, физкультурэмрэ спортымрэ я псэуалъэу 8, егъэджэныгъэм и Іуэхущ1анІуэи апхуэдизу, щэнхабзэм ейуэ 3, зы псэупІэ унэ духуащ, къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжащ, едгъэфІэкІуащ.

- Социальнэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу сыт хуэдэхэр и кІэм нэвгъэсыну фи мурад?

- Налшык къыщедгъэжьа перинатальнэ центрыр Іуэлъыпіи 130-м тещІыхьащ. Адрей Іуэхутхьабзэхэм къадэкІуэу, зэуэ цІыхубзищэм абы чэнджэщэр щагъэутынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым щыдухуэу а Іуэхущ1апІэ хэхар, федеральнэ программэм зэрыщыубзыхуам тету, Урысейм щащІыну апхуэдэ объект 32-м ящыщщ. Кавказ Ищхъэрэм щыяпэ мы центрым цІыхубзхэмрэ сабий къалъхуагъащІэхэмрэ иджырей технологие пэрытхэр зи ІыхьжьэІ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ нэгъэса щагъэутынущ. Псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мин 32-рэ хъу Іуэхущ1апІэр 2016 гъэм къыщІэутхынущ.

Азау Хуейм къыщыщІэдзауэ Терскол поселкэм нэсыху бгыпІэ псыдзэмрэ уэсукъуэмрэ зэрапэщІэт хуэныгъэхэр щыдогъэкІуэкІ. Ахэр егІанэгъэ и кІэм нэдгъэсын хуейщ. Абыхэм гъэгухэр, инженер коммуникацэхэр, кьежэхьыпІэхэр ятІэпсымрэ уэсукъуэмрэ щахъумэ. Дгъэува ухуэныгъэхэр я къалэным хъарзынэу пользущ. Абы и щыхьэтщ мыгъэрей уэсукъуэхэр кьанэ щымыІэу зэрызэтраІыгъар. Езы ухуэныгъэхэр хъар быдэхэр къызыщыхьэщыт нэпкъ льагэщ.

Дзэлыкъуэ щІыналъэм и жылагъуэхэм псы гуэшыпІэхэр щызэхуагъэхІуами, псыр фІагъыншэщ. Абы къыхэкІыу, цІыхухэр псы кьабзэкІэ къызэдгъэпэщын папщІэ, Ставрополь краймэ зэреттынум хуэдэу, ар Дженалкіэ пхьэтшыну ди мурадщ. Щ1ыуэпс гъэтІылъыгъэхэм зымащІэкІи ди зэран екІынукъым, экологием и пщащэхэм дытетынущ.

Мы гъэм зэфІэдгъэкІын хуейкэри мащІэкъым. Псалъэм папщІэ, Къыщпэк къуажэм сабии 140-рэ зэкІуэлІэну гъэсапІэ, Май къалэм цІыку 80 щыІэгъыну апхуэдэ Іуэхущ1апІэ, Жэмтхьэлэ Ипщэм ныбжьыщІэ 320-рэ щеджэну школ, Нарткъалэ спорт комплекс щыдухуэнщ, Сабийжэрэ щІалэгъуалэмрэ творчествэмкІэ я республикэ унэр зэдзэпэщыжынущ, «Зэрэгъыж» автотурист кластерым зэран хуэмыхьун хуэзэщ, Жэмтхьэлэ псым и нэпкъыр дгъэбыдэнущ. Аэр псори иІэсым и кІэм ттын хуейщ.

- «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщІондэ къуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зэрызаужьынур» программэм ипкъ иткІэ, сыт хуэдэ псэуалъэхэр мы илъэсым ьхэзыр фщІыну фи мурад?

- Абы и льэныкъуэкІэ зэфІэдгъэкІынухэм нэхъ пасэу дегупсысащ. Къапщтэмэ, программэм зэрыщыубзыхуам тету, фельдшер-акушер пункту 5, физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексу 6 къызэІутхыну, газ гуэшІапІэу 7, псы обьекту 5 дутІыпщыну тедухуащ. Ухэуныгъэ лэжьыгъэхэр зэпэщу йокІуэкІ, хуэхтха ахъшэр зэгъэзэхуэуэ къагъасэбэп.

- УнэгъащІэхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэным и Іуэхур дауэ щыт, абы республикэм сыт хуэдэ гупльытэ щигъэтырэ?

- Ари зыщыдгъэгъупщэркъым. «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м и цІыхухэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщын» къэрал программэр догъэзащІэ. Абы ипкъ иткІэ, я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ, ильэс 35-м нэс зи ныбжь унэгъащІэхэм мылъку яхухьащ. Ар псэупІэм хуэзэм и процент 35-рэ мэхъу. Субсидиехэр къызэрыІахыну тхьылъэр нэгъабэ унагъуэ 206-м иратащ. Дызэрыт щыщхьэгъу мазэм и кІэ пщІондэ псоми ахъшэр хухалъхьэнущ. Мы гъэм унагъуэ 208-м сом мелуани 146-м хуэзэ субсидиехэр хухахыну траухащ.

● Еджапіэ

Гъэ еджэгъуэщІэм зыхуагъэхьэзыр

Шэджэм ЕтІуанэ хуажэм дэт курыт школ №1-м «Доступная среда» федеральнэ программэмкІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр и кІэм ноблагъэ. Иджы еджапІэр сыткІи тещІыхьащ сабий ныкъуэдыкъуэхэр абы щрагъэджэным.

ЕДЖАПІЭМ и унафэщІым и къуэдзэ Егъэн Мухьэрбий зэрыжиІамкІэ, ухуакІуэ фирмэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм жыджэру хэтащ егъэджакІуэхэри.

Мы лэжьыгъэм хуахаха сом 1 мелуанырэ мин 640-мкІэ еджапІэм и блынэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэй хуагъэзащ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм тыншу къакІуэхьын папщІэ, щ1ыхьэпІэмкІ къат псоми убыдыпІэхэр, пхъэшыкъуэхэр, пандусхэр хуащІащ, классхэм бжэщІэр 35-рэ халъхьащ, еджапІэм ущыдыхьэкІэ гъущІ кузбжэ цІыкІуитІ хагъэуващ.

КъыхэгъэщыпхъэщІ ЕгъэнМухьэрбий Іуэхур тэмэму къызэрызэригъэпэщам и мызакъуэу, езыри гупым яхэту жыджэру зэрылажьар. Школыр гъэ еджэгъуэщІэм хузхьэзыру къэпльытэ хъунущ. Нэхъыщхьэраци, зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ егъэджакІуэ гупри хуэхьэзырщ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм щІэныгъэ иратынымкІэ къаплъэщылъ къалэныщІэхэм.

УЭРЫШ Аслъэн.

● Аруан щІыналъэ

Ныбжьыщ1эхэм зыщ1агъакъуэ

Мы махуэхэм Нарткъалэ и тхылъ хъумапІэ нэхъыщхьэм щрагъэкІуэкІащ лэжьапІэ къэзылъыхьуэ щІалэгъуалэм папщІэ жармыкІэ. Ар къыхэригъэпэщащ лэжьыгъэмрэ къэралым зэрадэІэпыкъуэр ялъэгъэІэсыныр зи пщэ дэлъ щІыналъэ центрым.

МЫ ІУЭХУР зытещІыхьар курыт еджапІэ къэзыухуаэ лэжьэну хуей ныбжьыщІэхэрщ. Жармыкіэм абыхэм къащыІуащІащ центрым и лэжьакІуэхэмрэ щІалэгъуалэр мы зэманым Іэнатіэкіэ къызэзыгъэпэщыфыну зэфІэкІ зиІэ Іуэхущ1апІэхэм я лЫкІуэхэмрэ. Кърагъэблагъэа Іэщ1агъэлІхэр тепсэлъыхьащ яІэ лэжьыгъэхэр зыхуэдэм.

Жармыкіэм къекІуэлІат школыр къэзыухахэм я мызакъуэу, адрей щІалэгъуалэри, гъэмахуэм піалъэкІэ лэжьыгъэ хуейуэ къэзылъыхьэхэри, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэри. Центрым и Іэщ1агъэлІхэр зэпсалъэныпІахэм къахэкІащ Іэщ1агъэ щызрагъэгъуэтыну еджапІэ кІуэну гупыж зыщІахэри. Абыхэм псоми гулъытэ хуащІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Нурым» и ебланэ къыдэкІыгъуэ

Сабийхэм я «Нур» журналым и ебланэ номерыр дунейм къытехащ.

ЖУРНАЛЫР къызэІуех Пушкин Александр итха «Кавказ» усэ цІэрыІуэмкІэ, Елгъэр Кашиф адыгэбзэкІэ зэридзэкІауэ. Ар традзащ «Ди лъахэ» Іыхьэм.

Ерыщагъым кьыхэпхыу узэпсащІэуэвэу узэныкъуэкъуным, зым адрейм худимычыхьыным зэныкъуэкъуитІми фІы зэрыщІамыхьынум и дерсщ Къэрмокъуэ Хьэмидэ итхыжьа «Чыц1 ерыщхэр» адыгэ таурыхъыр. КІэлъыкІуэу тетщ Гуртуевэ Мариам итха «Алибэчрэ адакъэ плъыжьыжьымрэ» рассказыр. Ар адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІар Хьэту Пётрщ.

Адэкіэ тетщ ГкытІыкІ Юрэ цІыкІуэкІ папщІэ итха «Хэт дызышэр?», «Сэлэт» усэхэр.

Мы еджэкІыгъуэм «ЩІэблэ» Іыхьэм щыдгъэзэщІыху Іэхэгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэж, фІыуэ еджэ ныбжьыщІэхэр. Абыхэм я сурэтхэр, тхыгъэ кІэщІхэр ящІыгъуу, итщ журналым.

«Дэ къытхуатх» Іыхьэм итщ ПщыхуэфІ Зуридэ Краснодар къалэм къритхыкІа тхыгъэр. Зуридэ кьетх «Нур» журналыр иІэщ куэд щІауэ я унагъуэм зэрыІэрыхьэр, и къуэр абы еджэу зэрыщытар, иджы ар и къуэрыльтхуу цІыкІуэм зэриІэпэгъур.

«Жаншэрхъ» Іыхьэм ЖылаесэЗаур цІыкІуэкър щыгъуазэ щещІ Урысей Федерацэм и еджакІуэхэм атлетикэ псынщІэмкІэ я VII гъэмахуэ спартакиадэм и япэ Іыхьэр Прохладнэ къалэм зэрыщекІуэкІа щІыкІэм, ильэс 11 зи ныбжь ныбжьыщІэхэр зыхэт футбол командэ зыбжанэ зэрызэпеуам.

Осеевэ Валентинэ «Тхьэмпэ щІыкІуэ» зыфІиица рассказ цІыкІур тридзащ журналым, Сэралъп Заремэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІауэ.

«Псэущхьэ гъэщІэгъуэнхэр» Іыхьэм цІыкІуэм ярегъэщІыху хьывымрэ бегемотымрэ. Ар зыгъэхьэзырар Хьэту Пётрщ.

«Адыгэ махуэгъэпс» Іыхьэм итщ Къуэдзокъуэ ФатІимэ «Лъэпкъым и тхыдэтх» зыфІиица тхыгъэр. Ар зытеухуар ди республикэм и тхыдэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа тхыдэтх Сурэтыщ1хэр» Іыхьэм тридзащ Налшык гимназие №70-м и 3-нэ классым щеджэ Бесльэнэй Исльам, Налшык СОШ №25-м и етІуанэ классым щІэс Раевская Дианэ сымэ ящІа сурэт цІыкІхэр.

Ди щІыналъэр псыкІэ къулейщ, ди щІыпІэхэм къыщыщІож псынэ щІыІэхэри, хуабэпцІхэри, шыугъэхэри, хущхьэуэгъуэ куэд зыхэлъхэри. Журналым тридзащ «Пащащ щхьэцхэр» псыкъелъхэм я сурэт. А псыкъелъэхэр езы щІыуэпсым базалт къурш мывэхэмкІэ къащІыхьыжауэ, Терскол льагапІэм и игорь джабэхэм къожэх.

«Фыкъеджэ, зэвгъащІэ» Іыхьэм итщ псалъэжьэмрэ псалъэ зэрыуэхэмрэ, Дыкъуэ Бэч игъэхьэзырауэ.

Мы къыдэкІыгъуэм и ГъэджэмкъощІ Налшык и 17-нэ школым и 7-нэ классым щеджэ, художественнэ гимназитикэмкІэ ехъулІэныгъэфІэхэр зиІэ, иджыблагъэ Воронеж щекІуэкІа «Олимпым хуэкІуэ гъуэгу» зэпеуэм дыжьын медаль къыщыдзыхьа Шэру Алинэ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт компанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ЗыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «КъБР-м и цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лжьыгъэр зэкІэлъыкІуэ комплекс центр» къэзыт ІэшІагъэ Іуэхущ1апІэм, «Тетраграф» жэуап зэхэзгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм я лэжьакІуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телеканал» къэрал кІэщІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Къардэн Аслъэн Аузин и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Къардэн Хьайрие Ахьмэд и пхъур** зэрыІам кьыхэкІыу.

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Зэзыдзэкіар БЕР Хьэбалэщ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 -139, 144 - 146, 149-хэм итщ).

Хым щызекІуэ хабзэ цІыхухэм я нэхъ лъэщхэр едгъэжьэнщ.
Ирелъыхъуэ уигу и щІасэу псэм фІэІэфЫым! Къахутэнщ.
АпщІондэхукІэ уэри, дауи, къохьэлъэкІми, зыпшыІэнщ.
Ем и ужьыр фЫы мэхъужьыр, ари уэ уи нэгу щІэкІынщ!»

ПсынщІэу цІыхухэр зэхуешэсри яжреІэ: «ФиІэм лІыгъэ,
Кхъухьхэм зивдзи, хым зивгуашэ! - Фхэтын хуейкъым фэ къэрабгъэ!
Лъагъуныгъэм и зы кІапэ къэнгъуэтыжи, дигу вгъэзагъэ!
ЩІэфщыкІ хьшхуэм иІэр кІуапІэу,
фхэлъу минкІэ нэхъ псынщІагъэ!»

Къэвмыгъанэ фызДэмыкІуэу кхъухь тедзапІэ зыдэщыІэ.
И хъыбар а пщащэм зыщІэ флъагъумэ, ищІэу хъуар жевгъэІэ!»
«ХъыбарыфІ къахьатэм» жиІэу, хъуащ сигу бампІэр гъащІэм хуеІэ.
И нэщІыбкІэ сщІа делагъэм си гур нэхъри къегъэщІыІэ.

НэхъыжьыпІэр къыслъегъэри, схурегъэщІ тахьтэ дахащэ.
«Мыр пхуэсщІым хуеящ нэхъ пасэу! Къысхуэгъэгъут ар, си хьэщІэ!
Инд Хэкушхуэм и лЫ тепщэм дэ хуэтщІа тахьтэр хуэфащэ?
Дунейм цІыху къыщыбгъуэтынкъым пщІэкІэ уэ узыгъэлъахьшэ!»

Сыт кІыхь сщІыкІэ: къокІуэж кІуахэр, дунеишхуэр щІапщыкІауэ.
Къагъэнакъым лъэ дэупІэ цІыху и кІуапІэу - нэмысауэ.
Ауэ пщІэншэщ: къаІущІакъым Нестан нэкІэ цІыху теплъауэ.
Иджы, япэм хуэмыдэжу, согъыр, нэпсыр хуит сщІыпауэ.

Сэ Придон жызоІэ: «Плъагъурэ: щІидзэжащ бэлыхь стелъым?
Тхьэм къыздещІэ: згъэшэрыуэу бжезмыІэфми, си щхьэм илъыр.
УсщІымыгъумэ, пшагъуэ фІыщІэр гум тегъуалъхьэу къыспогъуэлъыр.
Уэху! Сыт гъащІэ сэ къэзгъащІэр? Сыт Тхьэм и гур къыщІысхуэплъыр?

И хъыбар Нестан сымыщІэу, мыбдеж дауэ сыщысын?
Себгъэжьэжмэ хъунт, хуит сыпщІрэ - си гум жьы нэхъ дихужынт».
Къыщеудри, магъ зэщыдджэу, щызэхихым ар Придон.
«Си къуэш!» - жеІэ, - узмылъагъуу сэ зы махуи схуэгъэкІуэн?»

Куэд жытІами, куэд къэдгъами, сэ сожьэжыр хуит сащІауэ.
Зэхэтщ пыхьэхэу зауэлІхэр, я нэгу щІэкІыр ягу щІыхьауэ.
ЗэхуэтщІыжьыр Придон сэрэ ІэплІэ, нэпсым псыф дищІауэ.
«ДурипщылІщ уэ дыпсэуукІэ!» - жаІэрт я гур зэІухауэ.

ЯжызоІэ: «Сэ си дежкІи гугъущ мыпхуэдэу сежьэжьну.
Хъыбаршншэу псэм и щІасэр, си пІэм дауэ сизэгъэну?
Фи гур щІогъур абы фэри - си къалэнщ ар къэслъыхъуэну.
ФымылъаІуэ абы щхьэкІэ, - схулъэкІынкъым сыкъэнэну!»

Придон къешэ шы къарапщІэ, и лъэр и пІэм имызагъэу.
«СЫх мыр, - жеІэ, - си фэеплъу, лІыхъужь хахуэу къепсым дыгъэу!
Щыпхуэхъунщ мыр гъуэгум гъусэ, сыткІи уи гур игъэзагъэу.
УкъытекІыу лІыхъужь хабзэм, тІыпхыфынкъым нэгъуэщІ тыгъэу».

Догъ, допыхьэ Придон сэрэ, къимыгъаплъэу нэпсым ди нэр,
Сигу пымыкІыу, хэщІу си гур, ар и пщІантІэм къыдызоІ.
ФэрыщІагъ хэмылъу, цІыхухэр нэпс щІагъэжу къызэхонэ,
Мис апхуэдэу хэщІу и гур, адэжь лъапсэр къуэм къебгынэ.

И лъыхъуакІуэ Нестан сожьэ, жаІар сигу изубыдауэ,
Къэзгъэнакъым зы щІыналъэ, зы тенджыз къэзмыхутауэ.
Ауэ цІыху сэ сыІущІакъым, ар нэбгъуэкІэ ильэгъуауэ.
ЩІедзэр си гум нэхъри къэпльу, хьэкІэкъуэкІэ сыхъупауэ.

Зэми жысІэрт: «Мыпхуэдизу сыт сэ щІэншэу къыщІэскІухьыр?
Си щхьэзакъуэу ситмэ губгъуэм, нэхъ тынш хъуну стелъ бэлыхьыр?
ЯжызоІэ сщІыгъухэм: фэри пщІэншэу гугъу сэ фыкъыздохьыр,
Къыздэвгуэшу си мыгъуагъэр, гъащІэ мащІэр мыгъуэу фохьыр!

ФыкІуэж аддэ, сыкъэвгъани, щхьэж и Іуэхум фыпыхьэж.
Си нэпс щІыІэр, кІэ имыІэу, фи гум лъыпсу щІэвмыгъэж!»
Ауэ жысІэр щызэхахым, ягу щІыхьауэ къыспадзыж:
«Дэ дыхуейкъым а къыджепІэм! Нымыгъэсу щыгъэтыж!

ТщІащ унафэ ди псэм фІэфІу, уэ нэхъыжьу удиІэну!
ИкІи уи шым и лъэужьым тфІэкъабылу дрикІуэну.
УтлъагъукукІэ ди гур хэхъуэу, уэ уи нурыр тщхьэщытыну.
Нэхъ лІыхъужьри, нэрылъагъущи, Тхьэм хулъокІыр хигъэщІэну».

Щызэхэсхым я уэху-уэхьыр сэ схуэщІакъым ІэщІыб ахэр.
СщІыгъуу ахэр докІуэр адкІэ, тщІыуэ кІуапІэ гъуэгу пхыдзахэр.
СощІ хэщІапІэ щыхь, бжэн Іэлхэм я псэупІэ хъуа бгъэнщІагъхэр.
ИскІукІащ сэ къуэри бгыри, зыдэсхьын сымыщІэу си щхьэр.

Мы бгъэнщІагъ, иджы ди унэр, иныжь гупым къатесхащ.
Зауэныгухэу къыщысхуилъым, хьэкІлъыкІыр яхэслъхьащ.

Си пщылІитІи къысфІаукІри, бжэ щІыхьэпІэр къаувыхьащ.
Абдеж, стелъым сэ бэлыхьу нэхъри хэхъуэу гу лъыстащ.

Уафэ джабэр къигъэпсалъэу шабзэ жанхэр бий́м изодзыр.
Я гъы макъыр гуІэ гъыбзэу джэрпэджэжу бгым зэпадзыр.
Сабэм дыгъэр иуфауэ, мащІэ дыдэщ нэху къыдидзыр.
Иныжь бжыгъэр хьэжкъуей хъуауэ къэна мащІэм зыспыІуадзыр.

Абы лъандэм, си къуэшышхуэ, сисщ мы щІыпІэм сыкъинауэ,
Мис мыпхуэдэу сыгъ, сыгуІэу, ахърэт кІыфІыр плъапІэ сщІауэ.
СыщІохьэпсыр ажал щІыІэм, дуней гъащІэм сигу щыкІауэ.
Нестан щхьэкІэ зегъэлІэжри, сщІыгъущ Асмати,
шыпхъу схуэхъуауэ.

Къаплъэн дахэ гуэр слъэгъуати, къыщІыхьащ си нэгум пщащэр.
Абы лъапхэм къаплъэныфэр фІыуэ слъагъуу, сщыгъщ мы фащэр.
Схуидащ мыр сэ мы цІыхубзым, и гум щыщІэми гуауищэр.
Иджы къэскІэ псэ щІыспытыр дзагуэ хъунци арщ си Іэщэр.

Я нэхъ Іущми хуэусынкъым си нэху закъуэм екІуи гъыбзэ.
Схуэмыгъейуэ а тхъэмыщкІэр согъ. - Си нэпсри мыжабзэ.
Губгъуэ нэщІым хьэкІэкхъуэкІэу ситщ, сокъугъ - схуэхъуауэ хабзэ.
Хихам си псэр АлыхьталэМ, кІыскуищІат абы Іуэхутхьбзэ».

КъызэфІощІэ абдеж лІыхъур, еІуэт нэкІур, ечэтхъэжьр.
Къоплъри дэпу напэ фагъуэр, розэ дахэр мэхуэлэжьр.
Автандиц и нэкІум, нэпсыр псыхьэлыгъуэу щызэбложьр.
Лъэгуажьэпэм Асмат тету, тхьэ ельэІуу, духьэ къебжьр.

Асмат цІыкІур сэбап хуохъури, Тариэл тІэкІу зыкъещІэж.
ЖеІэ: «Уи гур згъэзэгъауэ, езым си гум лъыпсыр пож.
Бэлыхь лажьэу сэ стелъ псори бжесІащ, пхуэсщІри уэ гупыж.
Иджы щэхур къыщыпщІакІэ, уи нэхулъэм деж гъэзэж».

Автандиц къопсалъэ: «Си гум упыкІыну си фІэщ къурхъым.
УспэІэщІэу къэзгъэщІ гъащІэр гъащІэм щыщуи схужьІэнкъым.
Ауэ сфІэфІт сэ зы бжесІэну, - пэж и псалъэр хьэлъэ хъурхъым, -
Мыбдеж уи щхьэр щыбгъэтІылъкІэ, насыпыфІэ пщащэр хъункъым.

Дохутырышхуэр хъуам сымаджэ, ІэзэфІ дыдэу щытми ар,
Зрегъапльыр нэгъуэщІ Іэзэ, кІыщІэн папщІэ уз хуэхъуар.
Аращ къыжезыІэфынур а сымаджэм къеуэзІар.
Сэбап цІыхум хуэхъуфынур цІыхущ. - Куэд щІауи ящІэ ар.

Зэ къедаІуэт уимыжагъуэу, бжесІэм, уиІэу гукъыдэж.
ЦІыху губзыгъэм пэж и псалъэщ, делэм зэми жеІэр пэж.
Мыгупсысэу, и гум жиІэм кІэлъыщІэпхъуэр хущІогъуэж.
Сэри сиІэщ уэщхьыркъабзэу лъагъунытгъэ мыужьыхьыж.

Тинатин зэ сыІуплъэжмэ, и гур нэхъри ІэфІ схуэхъунщ.
Нэгу щІэкІахэр хуэсІуэтэжмэ, сэ уи деж къэзгъэзэжынщ.
Къызэт псалъэ ныбжьэгъугъэр бгъэпэжыну - сигу иилъынщ.
Уафэр къащхъуэщ, щІылъэр щхъуантІэщ - уэста
псалъэр згъэпэжынщ.

Къызэт псалъэ, мыбы уикІыу нэгъуэщІыпІэ умыкІуэну,
Тхьищэ соІуэ, псэ спытыхукІэ ныбжьэгъу пэжу суриІэну,
СщІэлъ гъуэгуанэр сфІэмыхьэлъэу, уи деж си лъэр хъэсхусыну,
Нэпс шыугъэу уи нэм щІэтыр, тхьэ пхузоІуэ згъэгъущыну!»

Жэуап къетыр: «Сэ хамэлІым сыткІэ уи гур сщІа гумащІэ?
Сэри си гур пкІэрыщІащ, уежьэж хъумэ, сщІэн сымыщІэ.
Си гум уихумэ уэ зы махуэ, къысщІренэ мафІэ гуащІэ!
Дызэхуэзэжынщ аргуэру, къытхуэхъунщи Тхьэр жьІэщІэ.

Жыг къудамэу зэ аргуэру укъыстещІэм жьауэ дахэу,
ИльэтынкъымкъаскІэу си гур, мэз бжэн Іэлу гухэ-махэу!
ПщІы пхуэзэупсмэ, щыблэ къачэм сырырех щІы жыгыжь кхъахэу,
СыпІущІэжмэ уэ щІэрыщІэу, кІуэдынщ гуауэу хъуар арыххэу».

Зэхуэхъабзэу а тІум я гур, тхьэ зэхуаІуэ зэпадзыжу.
Нэщхьеягъуэр махъу нэхъ кІащхъэ, хохьуэ яІэм гукъыдэжу.
Дыхьащ я кум лъагъунытгъэр, зыщеуэжыр нэхъ Іэфыжу.
Мис апхуэдэу нэху къатощхьэ - ныбжьэгъугъэр гукъинэжу.

Нэху зыдэщым, ныбжьэгъуитІыр, я гур хэщІу, зэбгъэдокІ.
ЗашыІэнуи яльэмыкІыу, нэхэм нэпсыр къафІыщІокІ.
И къуэш закъуэр фІэкІуэд хуэдэ, Тариэл нэщхьейу хуоплъэкІ.
Автандиц, и хьэдагъэу, мэзыку чыцэм кІуэцІрокІ.

Асмат цІыкІури лъэгуажьэпэм тету магъыр - гур хегъэщІ.
Автандиц зэ кьигъэзэжмэ, фІэфІу лъаІуэу и Іэр ещІ.
Автандиц ар игу щІыхьэу, гуІэ пщащэм зыкъыдещІ.
«Си шыпхъушхуэ! ЦЫІэу пІэрэ, фэ тІум хуэдэу пщІэ зыхуэсщІ?

Къэзгъэзэнщ сэ си псэр пытмэ, хэт лъэкІын сэ сиубыдын?
Си ныбжьэгъур игъэс и пІэм, сыхуейщ тІуми сыфІущІэн.
МазитІ пІалъэм сэ фІэзгъэкІмэ, сэ схуэфащэщ фи губгъэн.
Фэри фощІэ си гум щыщІэр: арщ щІыхуейр сэ згъэзэжын».

XXIX
Автандиц Хьэрыпым егъэзэж

Автандиц мэкІуэж хуэпІащІэу нэщхьей дыдэрэ ешауэ.
Ечэтхъэжьр и нэкІуитІыр, лъыпсым, и Іэхэр къилауэ.
Игщ и ужьым хьэкІэкхъуэкІэр, лъыр ябзейуэ, гужьеяуэ.
ИопІэщІэкІ ар, езэшами, кІыхь гъуэгуанэр къыщыхъуауэ.

Автандиц носыжьр и дзэр къыщинауэ щыта щІыпІэм,
КъащІыхужри, къыпожажьэ цІыхуу щыІэр напІэзыпІэм.
Шермадини носыр пІащІэу, гуфІэнэпсыр щІэту напІэм,
«Мес ар! - жеІэ, - тхэмытыхукІэ дыщІитар дэ нэщхъеипІэм».

Бгъэдолъадэ щхьэщэ ищІу, ІэплІэ быдэу ирешкІыр.
Зигъэбыдэу щытми лІыхъум, и нэм нэпсыр къыфЫщІокІыр.
ЖеІэ: «Ди Тхьэ! Пэж мы слъагъур? Хьэмэ пщІыхь
си нэгум щІэкІыр?
Сэ схуэфащэкъым слъагъуну иджыпсту мыбдеж щекІуэкІыр».

Автандиц ищІу щхьэщэ и ныбжьэгъум хуеший и Іэр:
«Гуапэщ сэркІэ, укъелащи, къалэн гугъуу зепхьам!» - жеІэ.
НэхъыжьыфІхэм пщІэ яхуищІми, нэхъ фІэлъапІэщ лЫгъэ зиІэр.
МэІу накъырэр макъ зэкІужу, зэрызохьэ щІыхуу щыІэр.

ЙокІуэлІэж ар и сэрейми, - зэхэсщ хасэр абы къежьэу.
Къалэдэсхэри эрохьыр хасэм, тІэкІуи замыІэжьэу.
Зэхаублэ ефэ-ешхэр, псалъэ ІэфІхэр я хъуэхъубжьэу,
И дахагъыр а гуфІэгъуэм пхуэІуэтэнкъым ауэ жьжьэу.

Хамэ щІыпІэм щилъэгъуахэр Шермадини жреІэжыр,
Дыгъэ нуру къепс лІыхъужьым и хъыбари хуеІуэтэжыр.
Къохьу гумащІи, жеІэ и кІэм, хуэмыубыду нэпс къыщІэжыр:
«Ар сщІымыгъумэ, дуней гъащІэр сыт си дежкІэ зищІысыжьыр?»

Ар къэтыху къэхъуахэр псори Шермадин къыжиІэжащ:
«Зыми щэхур къезмыгъащІэу уи унафэр згъэзэщІащ!»
Автандиц нэжэгужэу нэху щыху ефэу гуп хэсащ.
Пщэдджыжьыпэм, пшэплъ къыщицІым,
и шым шэсри, гъуэгу техьащ.

ЕпІэщІэкІыу екІу гъуэгуанэр, ефи ешхи имыІуэху,
Шермадини пщы гъэгуфІэу япэ иту и лъэр ху,
МахуипщІ гъуэгур якІу махуищым, къахуимыхуэу зыгъэпсэху,
МакІуэр щІасэм деж лІыхъужьыр - дунейр зыщІым деж нэхъ нэху.

ЕутІыпщ лІыкІуэ япэ иту тепщэм мыр жригъэІэну:
«ЛІыпым я пщыжу зи щІыхь лъапІэ, сопІэщІэкІыр сыпІущІэну,
ЛІыхъужь абгэу уи жагъуэщІым и хъыбар ухуейти пщІэну,
КъыпхуэсщІауэ хэтми сытми, сынокІуэж узгъэгуфІэну».

Къэралышхуэр зыгъэбжьыфІэу Ростеван пащтыхь лЫ гуащІэр
ИоупщІ пщыІым, нэхъ псынщІэІуэу къищІэн папщІэ хъыбарыщІэр.
ПщылІым жеІэ: «А хъыбырыр Автандилщ нэхъыфІу зыщІэр».
Пщым и жагъуэ хъуащ: «Алыхьым жэуапыншэ ещІ си упщІэр!»

Тинатин игъэгуфІэну и деж макІуэ лІыкІуэр пІащІэу:
«Хъыбар гуапэ уигъэщІну Автандиц къыпхуокІуэ хьэщІэу».
Абдеж пщащэм и нэгуитІым щыщІонэжыр нэхур занщІэу,
ХъугъуэфІыгъуэм щымысхьыжу Шермадин ирет гуфІапщІэу.

Шым мэшэсри, пожьэ тепщэр лІы хуэдэлІу къыхуэкІуэжым,
Автандиц щогуфЫкІыр и нэхъыжьым и гупыжым.
ЛъэныкъуитІым я зэІущІэр къегъэбжьыфІэ гукъыдэжым,
ГуфІэгъуэщхуэм и хьэтыркІэ, куэди щохъур чэф абдежым.

Автандиц къопсыхри и шым сэлам гуапэ ирех тепщэм,
Ростевани, гумэщІауэ, зыпщІэхедзэ лІыхъум и пщэм...
Хэта псори нэжэгужу а зэІущІэ екІу дахащэм
ИокІуэлІэжыр щыхьэр унэм, къыщІиІэтэу гуфІэгъуищэм.

Дыгъэнэхуу аслъэн хахуэм щхьэщэ хуищІу пщыр елъытэ,
Абджыпс фалъэм и зу макъыу псалъэ ІэфІым гъуэгу иратыр.
А тІум нуру къащхьэщихым дыгъэ нурыр пэщІокІуэтыр,
КъомэщІэкІри, сэрей хуитыр екІуу пщІантІэм щагъэш батэр.

Махуэ кІыхьым ефэ-ешхэр нэжэгужэу зэхэтащ,
Адэм хуэдэу хэку пащтыхьыр лІыхъужь хахуэм бгъэдэсащ.
Зым зыр дыгъэу пэлыдыжу ІэфІу махуэр ягъэкІуащ,
ХъугъуэфІыгъуэри мардэншэу абдеж тепщэм щигуэшащ.

Ефэ-ешхэм кІэ егъуэтри, хьэщІэ хъущэм заІэтыж,
Автандиц бейгуэлхэр щІыгъуу къыгъэнау пщыр мэтІысыж,
Автандиц и нэгу щІэкІахэм едэІуэну ещІ гупыж,
Абы жеІэ: «ЛІыхъужь ябгэм уи ІущІэкІэр згъэджеІэж!»

«Дауи, уощІэ: а ныбжьэгъум и гугъу сщІыну гугъущ си дежкІэ,
ЗэкІужщ лІыхъур апхуэдизкІи, пфЫтоплъыз нэр ущеплъкІэ,
Хэбгъуэтэнкъым цІыхуу щыІэм къытекІуэн абы бжьыфІагъкІэ,
Ауэ розэм и дахагъым хощІыр нэхъри сыхьэт къэскІэ».

ЦІыхум гъащІэр и ІэфІыгъуэу къихьэм гуауэр иужь кІэщІу,
Жыгеижьу ар хэкІами, щІелъэсыкІ щІыр тІасхъэ ищІу.
Автандиц гумащІэ къохьур, къекІуа нэпсым гур хигъэщІу,
КъеІуэтэж и нэгу щІэкІахэр псори, зыри имыбзыщІу:

«ЗэхеукІэри иныжьхэр, ещІ псэупІэ я бгъуэнщІагъыр,
Псэм и щІасэм унэІуту иІа пщащэрщ гъусэу щІыгъур.
КъыфІэІуэхукъым шыли дани, - къаплъэныфэщ фащэу щыгъыр,
ИмыІэжу зы гуфІэгъуи нэщхъеягъуэм ехь, егъэгъур».

ЛІыхъужь хахуэм и хъыбарыр Автандиц щеух абдейм.
Ар хуопІащІэ бгъэдыхьэну дыгъэу тепсэм щІы хъурейм.
ФІэфІщ зэхихмэ и щытхъу псалъэ езыгъэсым ар лыгъэйм:
«ЛІыхъужьыгъэу зепхьам пэкІуэу бжесІэфынур сыт дунейм?»

ХъыбарыфІыр щызэхихым Тинатин къохъуж нэщхъыфІэ,
Гупым дыгъэу къыхэпсэуэ зыхэс хасэр къегъэбжьыфІэ...
Автандиц щыкІуэжым унэм, ар и пщыЛым къегъэгуфІэ:
«Тинатин къыпхуейщ лІыхъужьым». А зы псалъэм къещІ ар фафІэ.

ТІэкІу ялэІуэкІэ гущыщІэу иІам гуапэкІэ зехъуэж,
Гъуэгу ар тохьэ нэжэгужэу, хуэлэ розэр хъогъэгъэж.
ГурыфІыгъуэу дунейм тетыр езым ейуэ елъытэж,
Лъагъуныгъэ хъэпсым нэхъри зеукъуэдийри, гугъэм тож.

Тесщ и пщащэр пащтыхь тахьтэм дыгъэ нурыр къыщхьэщихыу,
Іэпкъльэпкъ дэгъуэрэ зэкІужу, хуэпащ екІуу, зыкърихыу,
Евфрат псышхуэм и толъкъуну щхьэщ данагъуэр еукІуриехыу,
Ар схуэІуэтэжын сэ сытми дахэ-дахэу, екІуу схуэтхыу.

ЕгъэтІыс ар пщІэшхуэ хуищІу. Автандиц и гуапэщ ар.
Къуалэбзу уэрэду мэІур псалъэмакъ иращэжьыр.
ЗэхуаІуатэ лъагъуныгъэ я гум жыру ижьыхьар,
Пщащэм жеІэ: «Гугъу уехьами, къоХьуЛаІущ уэ мурад пщІар».

Жэуап къетыр: «ЦІыхум и Іэр и мурадым лъэІэсамэ,
Сыт абы щІиІуэтэжынур гугъуехь хьэлъэм ар къеламэ?
Слъэгъуащ пэжу жыгей льэщым къепыгъэхыу и къудамэр,
Ещхьт лІыхъужьыр хуэлэж розэм, гурыхь пэтми къыпих и мэр.

Слъэгъуащ сэ ар, а лІыхъужьыр, и щхьэзакъуэпИий́у къэнар,
ФІэкІуэдащ лІыхъужьым, пэжу, цІыху сурэту, фэу тельар.
И гукъеуэхэр къыщысщІэм, пэслъытащ сэ си щхьэм ар».
АдкІэ пщащэм хуеІуэтэжыр ильэгъуар, и нэгу щІэкІар.

Ар лІыхъужьым ІущІэн щхьэкІэ бэлыхь куэд зэрыхэтар,
Пщащэм и гур зэгъэн папщІэ акъылэгъу Тхьэр зэрыхъуар,
ЦІыху теплъэн лІым зэрижагъуэр, гъащІэр дыдж зэрыщыхъуар,
ХьэкІэкхъуэкІэу мэзым щІэту нэпсым гухэ зэрищІар.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтхэр **Кобуладзе Серго** *ищІащ.*

НасыпыщІэ

Новеллэ

Гъатхэ жэщыр хуэмурэ хокІуатэ, ауэ сэ иджыри сыгъуэлъжакъым. «Ромеорэ Джульеттэрэ» трагедиеи ныщхьэбэ щитІрэ епщІанэу седжэжри, си нэпсхэр еслъэщІэкІыурэ тхылъыр зэгуэсПэжащ. ГъэщІэгъуэныракъэ, дапщэрэ семыджэми, сужэгуркъым. Лъагъуныгъэм, пэжыгъэм, дахагъэм я щыхьэту си фэеплъ къыхуэна ныбжьыщІитІым еджэгъуэ къэс нэхъ пэгъунэгъу сахуэхъуу къысщохъу.

Тхылъыр стІолым теслъхьэжри сыгъуэлъыжащ. Маззэр си щхьэгъубжэ Іухамкіэ къыдэпльурэ къысхуогуфІэ. Дэнэкіи гъатхэмэ щыІэщ. Жыг баринэхэм, нысащІэм хуэдэу, хужьыбзэу захуэпащ. НысащІэм хуэдэу... А гупсысэм аргуэру си нэгум гуфІэгъуэр ирещІыхь. Сэ схуэдэу... Нэжэгужагъэ си гур зыІыгъым, гъуэлъыпІэм сримыгъэлъу, аргуэру сыкъотэдж. Си щыгъынхэр зыдэлъ шкафыр Іуэохри, бостей хужьым си Іэр ирызогъажэ. Мис ар - хъыджэбзу дунейм тету хъуам я хъуэпсапІэр! Лъагъуныгъэм и къабзагъэмрэ и дахагъэмрэ я щыхьэту ар хужьыбзэщ! Насыпым и фащэщ!

Бостейр шкафым къыдызохри щызэтІагъэ! Абы нэхъ щыгъын дахэ си гъащІэм симыІауэ къысщохъу. ЩэкІ хужьым къыхэщІыкІарэ щыгъэ зэмылІэужьыгуэхэм ягъэщІэращІэу! Ар сщыгъэу гъуджэм сыщиплъэкІэ, къысфІощІ си сабиигъуэм къызжалэжу щыта таурыхъэхэм язым сыхэту. СыгуфІэурэ зызогъэкІэрахъуэ. Си бостейри къыздофэ!

ГуфІэгъуэ нэпсхэр къысфІекІуащ! Ярэби, си хьэгъуэлІыгъуэр къэблагъэ нысащІэ псори апхуэдэу щыту пІэрэ?! Щытгъэнщ! Апхуэдизрэ узыпэплъа насыпыр къыщысым и деж умыпІейтеинкІэ Іэмал иІэкъым. А насыпращ дэ дунейм дыкъытохьэри, дытекІыжьыу дызэхъуапсэр. Щыуагъэ длэжьми, Іуэхуфі тщІэми, дызыщІэкъур зыщ: насыпыфІэ дыхъуну!

Сэ а насыпыр къызэзыта цІыхум согупсысри, си гур хуабагъэ гъэрым зэщІещтэ. ТфащІэм къуэрэ къыхохуэ зэман, зыри тфІэмыгъэщІэгъуэныжу. Си гур зыми игъэгуфІэркъым, псори зэшыгъуэу тфІощІ. Мы дунейм зы фІыгъуэ темыплъыжу къыщыщыхьу дакъыкъэхэм и деж, уи гъащІэм къыхохьэ цІыху гуэр, абы игъащІэкІи къыхэнэн хуэдэу. Апхуэдэ цІыхум уи гур къыдоцІэрэщІэж, зэгуэр уиІа гукъыдэжьми къегъэзэж. Абы и гъусэу гу лъыптэн щыІбдзэж дыгъэм и къепсыкІэми, розэм и гъэгъэкІэми, гъатхэм и дахагъэми. Дауэ апхуэдэ цІыхухэм узэреджэнур?! Насыпщ...

Сэри си гъащІэм къыхьхьащ апхуэдэ цІыху. Семыжьэхэу, сыщымыгугъыжу къэкІуащ лъагъуныгъэр. Нэпсу щІэзгъэкІам и уасэу насыпыр си бжэм къытеуІуащ. Абы и хуабэм кьигъэткІужащ щІыІэм иса си гур. ФІыуэ сльагъум и нитІым сыщыщІэплъэкІэ, согупсыс: сытым щыщ сэ апэм лъагъуныгъэу сыбжари, сызыщІэхъуэпса насыпри?! Дэнэ иджы аеэр здэщыІэр?! Гухэлъ мышухэм нэф ящІа си нэхэм ялъэгъуакъым насыпэ къэслъыхъуэр си гъунэгъуу зэрыщытыр.

Ауэ гъащІэм псори и пІэ ирегъэувэж. «Уи щхьэм хуэсакъыж», - къызжезыІэ къомым къахэкІащ зы, «Сэ игъащІэкІи сыпхуэсакъынщ», - жиІэу. Иджы сэ сынысащІэщ! Зы хьэгъуэлІыгъуэр къэблагъэ пщащэщ! НасыпыщІэм къыдэщІэрэщІэжа псэщ!

ФІыуэ зэрыльагъуэм я Мелыльчи, кхъыІэ, сынолъэІу, лъагъуныгъэм и дэтхэнэ дакъикъэри нэхъ кІыхь щІы. ФІыуэ зэрыльагъуэм я гъуэгур зэхуэшэ. Си закъуэу дунейм тет дэтхэнэ Джульеттэми и Ромео кьегъэгъуэтыж. ФІыуэ зэрыльагъу псом я хьэтыркІэ сынолъэІу: ди лъагъныгъэр уи дамэ лъабжьэм ухуэсакъыу щыхъумэ!

Си лъэІуэр зэхиха хуэдэ, лъагъуныгъэр зищІысыр псом нэхърэ нэхъыфІу зыщІэ Джульеттэ тхылъ напэкІуэцІхэм кьиплъурэ къысхуогуфІэ.

ГЪУКІЭ Маринэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ пщащэ.
Сурэтыр **Спенсер Эдмунд** *ищІащ.*

Табыхъу Уардэщыкъуэ Ухуакіуэм и махуэмкіэ дохъуэхъу

Пщэдей, ныщхьэуІум и 9-р, Ухуакіуэм и махуэщ. Ар илъэс куэд щІауэ зыгъэлъапІэ ухуакІуэ цІэрыІуэхэм ящыщщ Лэскэн щыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэм щыпсэу, илъэс 80-м щхьэдэхами, ноби гъащІэм хуэжьыджэр Табыхъу Уардэщыкъуэ. Республикэм щрагъэкІуэкІа ухуэныгъэ щхьэпэ куэдым абы лъэужь дахэ къыщигъэнащ. Зи Іэщ1агъэм хуэпэж, лэжьыгъэм хуэІэижь Уардэщыкъуэ и гуащІэ хьэлэлым щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр, саугъэт лъапІэхэр, «И гуащІэдэкІ хьэлэлым папщІэ» медалыр къыпэкІуащ. Республикэм и ухуакІуэхэм ящыщу ягъэу Ленин орденыр зратари Табыхъу Уардэщыкъуэщ.

Адыгэм зэрыжиІэщи, «Нэхъыжь зымыгъэлъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэркъым». Дызэрыгушхуэ нэхъыжьхьфІым Ухуакіуэм и махуэмкІэ дохъуэхъу узыншэу, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ и бэу псэуну, иджыри апхуэдэ гуфІэгъуэ куэд хэтыну.

Уи къуэ Аслъэнджэрий, уи нысэ Мадинэ, уипхъухэу Оксанэ, Аринэ, уи малъхъэхэу Мэкъуауэ Мухьэдин, Афэщ1ыж Юрэ, уи къуэрылъхупхъурылъхухэу Иннэ, абы и щхьэгъусэ Нэгъуэдэ Залым, Аминэ, Каринэ, Аслъэнбэч, Залым, абы и щхьэгъусэ Ланэ, Заурбэч, Къазбэч, Алинэ, Марианнэ, абыхэм къатепщІыкІыжахэу Идар, Алий, Бэлпэ сымэ, Табыхъухэ я лъэпкъыр.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэдыкіэжьапхъэ, бжьын щІэлъу

Бжьыныщхьэ укъэбзар мыцІыкІу дыдэурэ яупщІатэ, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ, зэІащІэурэ лантІэ-лантІэ хъуху, тхъуэплъыфэ къытеуэху ягъэлыбжьэ, итІанэ, зэІащІэурэ, шыбжий сыр птІыжь хьэжар хаудэри, псори зэрызэщІэлъу ягъэлыбжьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. ИтІанэ абы щІакІэ шыгъу зыхэлъ, шатэкІэ зэІыха джэдыкІэ уда, тебащхьэр трапІэжри, зэрагъэдзэкІыурэ ягъажьэ.

Іэнэм пщтыру тепщэчкІэ трагъэувэ. Дашх пІастэ, мырамысэ хуабэ.

Халъхьэхэр
(зы цІыху Іыхьэ):
джэдыкІэу - 3, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 70, тхъууэ - г 40, шатэу - г 20, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Ерэн

Ерэныр нэхъ щащІыр гъэмахуэрщ. Шху гъэпцІагъащІэр зэрыхуабэу яудэри, щІыІапІэм ягъэув, нэху къраГъэкІри, аргуэру яудэ. Абы псыхуэлІэр фІыуэ ирегъэкІ, кІуэцІыкІи сэбэпщ. Пъы зи мащІэхэр ефэн хуейщ. Ерэн ящыщ щхьэкІэ нэхъ ягъапцІэр шэ щІэхуащ. Ар нэхъ гуащІэ мэхъу. Мыр мэкъуауэхэм, губгъуэм итхэм нэхъ ираф.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Жыіэгъуэхэр

ПщІэ гъэунэхуи, зэ дзыхь хуэщІ

■**Зи акъыл жьажьэм нэгъуэщІым жиІэр и тхьэкІуэмэм ихьэркъым.**

■**Зи пІалъэ умыщІэ мыл утемыхьэ, зи кууагъ ущымыгъуазэ псы ухэмыхьэ.**

■**Зи щхьэ зыфІэмыдахэрэ зи акъыл зыфІэмащІэрэ гъуэтыгъуейщ.**

■**ИмыкІуэт псори лІы-хъужькъым, дели яхэтщ.**

■**Къэрал зезыхьэфыр къарууфІэракъым - акъылыфІэращ.**

■**Лъэщыр езым и мыхъумыщІагъэм пэлъэщырщ.**

■**Пэжыр сыт хуэдизкІэ щІумыхъумами, зэ къыщІощхьэ.**

■**Псэр тыншмэ, гъащІэр кІыхьщ.**

■**ПщІэ гъэунэхуи, зэ дзыхь хуэщІ.**

■**Удыным укъелми, бамПІэм къелыгъуейщ.**

■**Фадэм зыІэпишам Іуэхукіэ ущымыгугъ.**

■**Хущхъуэ куэд нэхърэ - гуфІэгъуэ мащІэ.**

■**ЩІэм нэхърэ псалъэр нэхъ щыпхькІ щыІэщ.**

■**ЩхьэзыфІэмыштем ущымыхьэ, къыпщыхьамэ, кІэщІу пыкІ.**

■**Щыдми и макъыр фІэдахэжщ, армырамэ, кІиинтэкъым.**

■**Гъащ1эм къыкІэрыху бзэр кІуэдыгъуафІэщ.**

■**Лъэпкъ зэрымыІыгъым и Іуэху дэкІыгъуейщ.**

■**Лъэпкъым хуэлажьэм и цІэр кІуэдыркъым.**

■**Нэхъыжьыфі зиІэ лъэпкъым хъуэпсэгъуэ куэд дыболъагъу.**

■**ЩІыхубэм къыбдамыщта Іуэхум къару игъэтыркъым.**

■**Бын зэрыІыгъым и лъабжьэр быдэщ.**

■**Насыпыр щІыхум куэдрэ къеуалІэркъым, къыпхуэкІуамэ, быдэу хъумэн хуейщ.**

■**УнэгущІэр япэ ищмэ, лІым и гъащІэр къоуфэрэнкІ.**

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Псалтэжьхэр

ІуэрыІуатэ нэхърэ - нэрылъагъу

♦**Псынэ пэтрэ щІы щІагъым гъуэгу щещІ.**

♦**Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ - нобэрей бзу.**

♦**Уэзрыгугъэу уэхутэмэ, уунэхъурэт?**

♦**ЩІхьэж и зекІуапІэ и кІуэдыжьпІэщ.**

♦**ІуэрыІуатэ нэхърэ - нэрылъагъу.**

♦**ЯмыгъэтІылъ къащтэжыркъым.**

♦**Іуэхутхьэбзэри щІыхуэщ.**

● Къуажэхьхэр

КІэ бэлацэ дыгъуэрей

◆**Жьырытэджу пасэу къадж, Сабий цІыкІуэм яхуэбзаджэ.**

◆**Жэщыр хъуамэ, лъэтэрей, Жейуэ хэлъхэм щыхьэрей.**

◆**КІэ бэлацэ дыгъуэрей, Ди джэдкъазхэм теуэрей.**

◆**Іуданэ зи куэду Зы масти зимыІэ.**

◆**Удэ гъэгъахэм тельэтыхь, Унэм Іэфы кІэ къэзыхь**

ЖЭУАПХЭР:
Адамэ. Арпчей. Бжэ. Бэдж. Бжэ.

Зэхэзыльхьар **ЩОДЖЭН Леонидщ.**

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5.** Шыхъуэ, джэдыхъуэ, шкІахъуэ, бжэныхъуэ, ... **7.** Псым и кууупІэ. **9.** Іэщ1эвыщІэ щаІыгъ фермэ. **10.** Яныныкъуэ тхъэщхьэмыщхьэхэм я кум илъщ. **12.** КъурІэн цІыкІу. **15.** «Мы уэлбанэм сиуфэнщІынущ» жиІэри, хьэндыркъуакъуэр абы хэпкІэжащ. **16.** Адыгэ генерал, Абхъаз Республикэм и ЛІыхъужь. **17.** ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **20.** Мыщэм ар фІэбэлащэщ. **21.** ЦІыху зэтет, къызыхуэтынщэ. **23.** Къуэпищ зиІэ письмо. **26.** Гъэмахуэкум къэгъагъэ, зи къапщІийхэр дыщафэ удз хущхъуэ Іэлъжьыгуэ. Абы «гъуэжьудзкІи» йоджэ. **29.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **31.** Зи Іэпкълъэпкъ зэхэлъыкІэкІэ цІыхум ирагъэщхь псэущхьэ. **33.** Дуней псом и чемпион зыбжанэрэ хъуа адыгэ бэнакІуэ пелуан, Олимп зэхьэзэхуэкъм ещанэ увыпІэр къыщызыхьа. **34.** Пхъэ ... къишэри, пщэдджыжь нэмэзым щІалэр и пщІантІэ къыдыхьэжащ. **35.** КІыщокъуэ Алим и адэм и цІэр. **37.** Пасэрей адыгэ зауэлІым и джанэ. **40.** Зи щхьэкІэжэр пыупщІа, зи къудамэхэр теуэхьэнщІыкІа жыг лъэдий гъум. **41.** Аргуэй эзэрэ ... къъуейрэ. **43.** Пщыхьэщхьэм ... ин къыкъуэуащ. **44.** Мэ Іей къызыкІэрих, хъунхэр зэрагъащтэ удз лІэужьыгуэ. **45.** ЛІыжьыр ныбжьыщІэм щотхъу: « ..., щІалэфІ!»

Къехьу: **1.** ... и кІуэдыжьыгуэм дамэ къытокІэ. **2.** Шыуанышхуэ. **3.** ХэкІуэтауэ ящІ нэмэз. **4.** Колхозым хиса къэкІыгъэхэр зыхъэлъмэ. **6.** МафІэс ин. **8.** Илъэс пщыкІуий хъуа щалэхэм ящыщ куэд дабы яшэ. **11.** ЛъэкІыныгъэ зиІэ адыгэхэм нэгъуэщІ унагъуэм ирагъэпІу щыта щалэ цІыкІум апхуэдэу йоджэ. **13.** ЧнутІым апхуэдэщІи зэрехьэ. **14.** УхуакІуэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Алий. **18.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **19.** Шым и кІуэкІэ. **22.** Зи пэм кьипсэлъыкІ щІыху. **24.** ЩІы къиуда. **25.** ЩыпсалъэкІэ зэІынэ. **27.** Нэхъапэм адыгэ пщІантІэм дэту щыта, къудамэ куэд зытет фІэдзапІэ, пкъэ. **28.** ЖьантІэм ущІэмыкъу, ... къиплпъысынщ. **30.** Хъуэ нэхъ ин дыдэхэр щызекІуэ псышхэ. **31.** ХадзкэкІ. **32.** Уэрэджьыакіуэ, адыгэр щыпсэу зэгъунэгъу республикищми я цІыхубэ артист. **33.** Дохутырышхуэхэм зэрыжаІэмкІэ, апхуэдэ зы пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу закъуэм витамину нэхъыбэ хэлъщ зы хъарбызышхуэм нэхърэ. **36.** Жыг зэмылІэужьыгуэхэм яуфэбгъуа щІыпІэшхуэ. **38.** Бжэ Іуахам и ... макъ къэІуащ. **39.** Адыгэ композитор, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща. **41.** Іэщ цІыкІу. **42.** Адыгэ уэрэдус, уэрэджьыакіуэ цІэрыІуэ Тхьэбысым ... .

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



● Псалъэ шэрыуэхэр

Псэр ящэри, напэ къащэху

Ныбэм и лажьэр ІуэтэжыгъуафІэщ. «Уэзрышхэу пщогъупщэж умэжалІэу зэрыщытар» жыхуиІэщ.

Ныбгъуэр хьэм хэсми, хум и гур хуэгъэзащ. И щхьэр зэхьэлІар зыщ, и гур здэщыІэр нэгъуэщІщ.

НысащІэ мышынэ мэл щхьэ фІэбзам щощтэ. Щ1ыху бзаджэ укІытэншэм щэныфІэу зигъэлъэгъуэн мурадкІэ укІытэ нэпцІ зыщищым и деж къапсэлъ хабзэщ.

ПащІэ гъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым. «Іуэкур зэгупсысыпхъэщ, гузэвэгъуэ зыхэлъщ» жыхуиІэщ.

ПащІэм къимыхьыр жьакІэм къихьыжьркъым. Ущыщ1алэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ къыпхуэлэжьыжьынкъым.

Пэжым нэр ирещІ. Пэж дыджыр зэхэпхыну гуапэкъым.

Псалъэр бгъэувмэ - выщи, бгъэтІысмэ - цІэщ. Къызэрыбгъэсэбэныфщ: Іэзэу къыпхуэгъэсэбэпрэ - къарууфІэщ, къыпхуэмыгъэсэбэпрэ - къаруунІэщ.

Псэр ящэри, напэ къащэху. ГъащІэм нэхърэ напэр нэхъапэщ.

Псы икІыпІэм унэмысу уи кІэр умыІэт. Іуэхум ипэ ищым ират чэнджэщщ.

Псы Іуфэм Іусым псы икІыпІэр ещІэ. Щхьэж езыр зэрыщ, зыпыщІа щІыпІэм, абы къыщІихьу-къыщыщІэхэм нэхъ щыгъуазэщ а щІыпІэм щымыпсэухэм е пэІэщІэу псэухэм нэхърэ.

Псым итхьэлэр шхийм йолхъуэ. ЗэкІыпІэншэ щытыкІэ итыр къезыгъэпыну иужьрей дыдэ гуГъапІэу йожалІэ, уеблэмэ сэбэп кьыдэзыхуэмыхьуфынур нэрылъагъуми.

Псым къудамэ теткъым. «ІуэбыдыпІэншэщ» жыхуиІэщ. Псым ущыбзэлэрыгъ зэрымыхьунур кърагъэкІыу къапсэлъ.

Псым хэлъ мывитІрэ пэт зонтІэІу. - Дунейм ущытеткІэ, зэи зыгуэрым ухуилъынщ, уэрэ зыгуэр къыпхуилъыжынщ - абыхэм щхьэкІэ уэзщІыкІ хъунукъым.

ЩАУЭ Къэлидар.

Бадзэуэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **7.** Бжьыныху. **8.** Бжьэдыгъу. **10.** Хьэсэгъу. **12.** Нэр. **13.** Щ1ыр. **14.** Уае. **16.** Унафэ. **17.** Дэхъу. **22.** Лэскэн. **23.** Дамэду. **25.** Хыв. **27.** Лъэрыгъ. **28.** Щ1ыщ. **29.** Баш. **31.** Бжьо. **32.** Щ1ыблэ. **35.** Англие. **37.** Бейгуэл.

Къехьу: **1.** Гъубж. **2.** Бытыр. **3.** Вы. **4.** Кхъужь. **5.** АдрыщІ. **6.** Кугъуэ. **9.** Псынабэ. **10.** Хьэпу. **11.** Гъуазэ. **15.** Елисеев. **17.** Дихуэжащ. **18.** Блэ. **19.** Уэгъу. **20.** Къат. **21.** Ауэ. **24.** Тхъурымбэ. **26.** Лъэпщ. **27.** Гъавэ. **30.** Шойгу. **31.** Бжьыгуэ. **33.** Къан. **34.** Кхъунэ. **36.** Из. **38.** Ер.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуурыжь Мадинэ** (жэуап зыкъ секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедджэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэу зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Эллэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1345